

## Politik pou asistans finansyè nan Boston Medical Center (BMC): **Rezime Nan Yon Lang Senp**

Sant Medikal Boston, bay swen medikal nesès ak tout pasyan, kèlkeswa ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, idantite seksyèl oswa ekspresyon, oswa kapasite pou peye. Sant Medikal Boston ofri asistans finansyè pou pasyan ki gen revni fèb, ki pa asire oswa ki mal asire, ki pwouve bezwen yo ak enkapasite yo pou peye swen sante yo. Sant Medikal Boston ap travay avèk pasyan yo pou detèmine elijibilite pasyan an pou asistans finansyè epi ede pasyan an aplike pou kouvèti asirans nan kad Medicaid oswa lòt pwogram nan eta a, plan sante ki kalifye nan nivo federal, oswa asistans nan kad Pwogram Swen pou Charite nan lopital la (hospital's Charity Care Program). Pasyan ki elijib nan Pwogram Swen pou Charite a p ap gen pou peye plis pase montan yo jeneralman faktire pou ijans oswa lòt swen medikal nesès.

### **Kimoun ki elijib?**

Pasyan ki gen revni fèb, ki pa asire ak mal asire pasyan ki bezwen swen medikal nesès epi ki pa kapab peye pou sèvis yo ka aplike pou pwogram asistans finansyè. Pwogram elijibilite a baze sou rekòmandasyon ki gen ladan l revni yon moun nan fanmi an, gwosè fanmi an, bezwen medikal, ak Eta kote ou ap viv la. Fason yon pasyan kalifye pou asistans finansyè a pral detèmine pou ki kalite pwogram yo elijib. Gen kèk pasyan ki ap kalifye pou pwogram ki pa egzijè yo peye pou sèvis, pandan gen lòt pwogram ki ka egzijè pasyan yo pou fè yon peman pasyèl. Anplis, nan Massachusetts, rezidan yo ka kalifye pou Medical Hardship, yon pwogram ki disponib atravè Health Safety Net nan Eta a. Kèlkeswa gwosè kay ak revni fanmi an, yon moun ka kalifye pou Medical Hardship si depans medikal admisib li yo pi plis pase yon pousantaj etabli pou revni fanmi an. Pasyan yo detèmine ki pa elijib pou kouvèti asirans nan kad asistans finansyè Eta a oswa Federal ap gen pou evalye pou elijibilite nan kad pwogram Swen pou Charite nan lopital la.

### **Kouman pou aplike?**

Enfòmasyon konsènan Politik Asistans Finansyè nan Sant Medikal Boston, Pwogram Swen pou Charite, epi aplikasyon yo disponib nan fason sa a:

- Kontakte sèvis pou konsèy finansye pasyan nan (617) 414-5155 oswa vizite biwo nou yo, lendi pou rive vandredi, sòti 8 AM pou rive 5 PM, nan:
  - Shapiro Center, 725 Albany Street, Suite 3C, Boston, MA. 02118; oswa
  - Yawkey Center, 850 Harrison Avenue, (etaj anba a), Boston, MA. 02118
- Vizite sitwèb lopital la nan <https://www.bmc.org/services/patient-financial-assistance-program>
- Fè yon demann alekri pou enfòmasyon sou pwogram la epi enstriksyon pou aplikasyon pa lapòs nan:  
Sant Medikal Boston (Boston Medical Center)  
Atansyon: Konsèy Finansye pou Pasyan  
725 Albany Street, Suite 3C  
Boston, MA 02118

Enfòmasyon yo disponib pou tout pasyan an Anglè, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, ak Kreyòl Pòtigè. Asistans pou konplete yon aplikasyon nan lòt lang yo disponib atravè sèvis entèpretasyon MassHealth's la nan 1-800-841-2900 oswa rele Konsèy Finansye pou Pasyan nan 617-414-5155 oswa vizite biwo nou an nan Sant Shapiro (Shapiro Center) oswa Sant Yawkey (Yawkey Center).

